

MOUSTIK!

kapab viv andedan kay epi yo mòde moun
nenpòt lè, lajounen tankou lannwit.



Kite pòt yo
ak fenèt yo fèmen.

Kouvri kò ou

Mete chemiz manch
long ak pantalon long.

Bra, janm ak tèt
tibebe yo ak timoun
piti yo.

Bèso, pousèt oswa
pòt-bebe ki gen
moustikè.

Kenbe moustik yo **deyò**



Kite griy sou
tout fenèt yo.

Bouche twou ki
nan griy yo.



Itilize è-kondisyone.

Itilize pwodui Ajans Pwoteksyon
Anviwònman (Environmental
Protection Agency, EPA)
apwouve pou **pouse ensèk**.

Swiv enstwiksyon etikèt ki nan anbalaj la.

Pa itilize li sou tibebe ki poko gen 2 mwa.

Pa mete li nan men, bouch, blesi oswa po irite yon timoun.

Pa flite li nan figi yon timoun—flite pwodui pou pouse
moustik yo nan men ou epi answit dousman nan
figi timoun nan.

Flite rad ak materyèl yo avèk yon pwodui EPA
apwouve pou pouse ensèk tankou permethrin
pou jwenn plis pwoteksyon.



05/16/18

FloridaHealth.gov/zika
Florida Department of Health





Anpeche repwodiksyon MOUSTIK!

Moustik yo repwoudi lè yo ponn ze nan ak toupre dlo dòmi.



Sèlman yon ti kiyè oswa bouchon boutèy dlo ki dòmi pandan plis pase yon semèn ase pou moustik yo repwoudi ak multipliyè.



Lakay ou oswa nan biznis ou:

Retire atik ki deyò epi ou pa itilize paske yo kapab kenbe dlo dòmi.



Nan zòn tout bilding yo:

Omwen yon fwa pa semèn, vid, chavire oswa kouvri nenpòt sa ki kapab kenbe dlo:

kawotchou yo
bokit yo
jwèt yo

pisin yo ak kouvèti
pisin yo

abrevwa zwazo
poubèl, bwat fatra ak
poubèl resiklaj
kouvèti bato oswa oto

goutyè
glasyè yo
veso bèt kay

Nan jaden ou:

Retire dlo dòmi po flè yo ak soukoup yo. Kèk plant, tankou bwomelya, kenbe dlo nan lav yo—floche plant ki kenbe dlo yo avèk kawotchou ou yon fwa pa semèn.

